Nomer 35 — Salasa 23 Februari 1926 (10 Rewah 1344) — Taoen ka 2

Pembantoe sareng agen:
Priangan koelon Bestuur Pasoendan Bogor.
di Tjiandjoer Bestuur Pasoendan Tjiandjoer.
Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

# SIPATAHOENAN

*Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.*

Ditjitak di Soekapoera drukkerij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjiamis.
Djawa wetan: Bestuur Tjabang Pasoendan. Soerabaja.

LANGGANAN.
3 sasih . . . . . f 1,50
Dibajar ti pajoen. Salambar 15 sen.

Redactie: Heerenstraat 31.
Administratie: Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Redaktoer: SOETISNA SENDJAJA ATMAWINATA
Redaktoer di Batawi SOERIADIRADJA.

Directie: Administratie: Bestuur Pasoendan Tasikmalaja

Pangaos ADVERTENTIE:
1/16 katja f 2,— } Sakali moeat.
1/32 „ f 1,25 }
Langganan langkoeng mirah.

## Ngontrak *).

Njoehoenkeun soepados H.B. njanggakeun panoehoen ka Pamarentah, soepaja abdi-abdi priboemi di noe aja pakeunna (tanah bakoelab boekaeun) ditoengtoen kana melak enteh. kalawan dipaparin samoeet pimodaleunana.

Ieu voorstel sajaktosna mah moeng panjoendoel, panggeuing ka pamarentah, margi roepina ari atoeranana mah parantos aja, moeng langka dirarapkeunana. Ari boektina parantos terang pisan di hidji doea tempat parantos aja pitoeloeng ti pamarentah pikeun kana tatanen.

Di district Tjirandjang parantos kadjadian aja sawatara somahan anoe dipaparin ngandjoek moending migawe sawah atawa kebonna (tatanen). Dibajarna manitjil noemoetkeun kakoeatanana noe gadoeh hoetang.

Moenggoeh oerang, sanadjan teu ngaranapan koe maneh oge eta pitoeloeng, kedah pohara ngahoehoenkeunana kana ajana eta atoeran, kana pangoeroesna pamarentah, ngan aja bae handjakalna saeutik, nja eta atoeh loeang loembrahna manoesa, ari geus dibere sadjeungkal sok hajang sadeupa bet koe teu seueur noe nampi eta pangasih teh (saperkawis), kadoea perkawis henteu tjatjap maparinna pitoeloeng margi aja moending keur migawena. mana keur boeroeh boeboek leutik noe sanes, da ari sagala ditangkes dipigawe koe patanen mah moal kaawakan, nja toengtoengna roewal rawel di piloearan deui bae, djak djoek ngentja ngatoehoe.

Ari pang teu maparinna tea onaman koe oerang oge kahartos pisan, sok sabaraha teuing pidoeiteunana, oepami sadaja patani dipasihan pimodaleun, katoeroeg-toeroeg ngoeloesna oge sabaraha matak helokna.

Koe margi kitoe nja disajagian landbouwcredietbank (afd. bank) tea. Namoeng kana ieu bang teh, djelema teh bakating koe kapaksa bae. geus teu aja deui gahel-gaheleun da ari beuratna mah njatjap. Manah bae koe sadajona para djoeragan-djoeragan! Pikeun ngolahkeun tanah sabaoe teh piwaragadeunana moal kirang ti f. 50,— (malah ari noemoetkeun wintjikan departement landbouw mah ± f 70,—)- Oepami si djelema tea namboet ka bank f 50,— ingdalem sapoeloeh sasih teh kedah majar f 57,50. Ana pek beubeunangan tina sabaoe ngan rata-rata 30 pikoel, atoeh ngan kari sabaraha sesana, mana keur padjeg landreute, mana keur majar herdines djeung atjan kaitoeng ari kikitir dessa mah (desalasten). Roepina anoe bersih kateda mah moal aja 5 pikoel, komo ajeuna padjeg tanah sakitoe moeloekna, moeloek alah manan kapal oedara

Nja mending sakitoe oge, aja-aja keneh gegeleunana, tapi koemaha lamoen ongkos njawah teh dipangichtiarkeun ka bang desa? Bo, djoeragan djoeragan Innalillahi eta mah; teu tiasa micendjoek, bakating koe baloeas, maroerinding boeloe poendoek.

Koe ningal kitoe aloer toetoeranana mah pohara manghawatoskeunana ka patani teh.

Ana kitoe estoe teu matak heran, teu djadi aheng, loba keneh tanah ngeblak di pakidoelan tanah Priangan diarantep tara pati disamoehoenkeun koe somahan da kitoe rasiahna, henteu aja pimodaleunana. Djadi lain ngedoel oerang priboemi, tapi heureut pakeunna, poengsat babanna.

Tjontona kieu: Si Dadap njoehoenkeun tanah sarta dipaparin oepamina sabaoe, tapi manehna teu boga modal. Atoeh tangtoe migawena ngan dina waktoe anoe teu dipake njiar kipajah bae atawa dimana manehna keur kabeneran boga bekel keur noe mangkoek di lemboer djeung keur nganteuranana. Da ari didoekdoekan mah koemaha pibisaeunana, moal enja nganapakahan anak rabina koe babalaan beunang njatjar mah, manasina koeda moending.

Ajeuna oge, pileuweungan teh aja noe ngahantja tea mah, nanging sanes koe oerang priboemi, koe tatamoe anoe ngadon ti tanah sabrang. Malah di ka beh Tjidamarkeun mah aja noe sakali moeka 4500 baoe. Sag sia!! Asana teh pohara!! Djabi ti eta tangtos djoeragan-djoeragan parantos aroeninga kebon karet, kebon teh pohara seueurna di oerang teh, nanging nja eta atoeh da sanes anoe ki Marhaen.

Tapi di oerangna oelah ngaleungitkeun kana kahadeanana, kantenan bae saena mah, margi oerang priboemi anoe teu gadoeh modal tea, anoe teu tiasa ngebon koe maneh, bisa gadoeh kahiroepan saeutik-eutikeun, koela-koeli, malah sanes pikeun djelema noe tjaraket di dinja bae. ti mana mendi darongkap ngadon koeli ka dinja. Tjenah eta, djaba ti dipaparin boeroehan teh koe djoeragan kontrak, sok nganggo diembohan koe „peredoni" sareng „beu je gek", atoeh wajahna bae da moen teu salah mah moal ditjarek.

Ari hajang senang da koedoe alpoekah sorangan, oelah noeroet nepong ka deungeun-deungeun ti alas peuntas •

Koemaha oerang koedoe njeri hate, sapedah ti njatjar (moeka) nepi ka kaarah hasilna malah nepi ka diolah keunana di pabrik pabrik djeung diangkeunana kana kareta api (kapal), pagawean badag, kesang nepi kana tina mata-mata oerang priboemi. ari hasilna los kana kantong batoer?

Teu, oerang mah teu koedoe seueul hoeloe angeu, da geus kitoe kaajaan di doenja mah. Sing toemarima bae, da oerang mah teu boga modal, batoer oge mana ngamodal hajang boga hasil.

Eta tjenah tanaga oerang?! Kapan mana dibereaan boeroehan oge nja eta toetoenkeuranana.

Djadi lain koedoe ngewa kana kaom modal teh, tapi koedoe peurih, koedoe toegeuah kana koelak tjanggeum bagdja awak sorangan. Koedoe hajang, koedoe kabita kana sipat kitoe, tjara batoer. Kilangbara njaroeaan teh, pimanaeun, eta mah pamohalan teuing, atoeh djiga-djiga, mangroepa meueusan.

Oepami aja noe ngamanah, sina diboeka bae koe goepernemen didamel staatsexploitatie. Geuning rame pisan tjariosna dibarempagkeun di Volksraad.

Tapi monggah tjabang Tjiandjoer teu atjan tiasa enggal-enggal ngaroedjoekan, rada banghaoengeun keneh koe ngoeping boet-bet tjarita bedja „Selatdjaran" oge, sok sieun djadi tjarita deui tjara kitoe.

Kitoe margina noe mawi tjabang Tjiandjoer ngabatoerkeun ka vergadering eta voorstel.

Kieu noe djadi angen-angen teh:

Sawatara abdi-abdi dipaparin saloewoek tanah anoe legana ratoesan kilangbara ari reboean baoe mah, dipatjang-patjang boh doea baoe sewang, boh tiloe baoe sewang. Toeloej sina diboeka bareng pikeun dipelakan teh, karet atanapi naon bae bangsa pepelakan anoe sok diiangiangkeun ka tanah sabrang (Eur. cultures).

Demi pimodaleunana dipangnamboetkeun koe goepernemen njindoerkeun dimana aja leening keur vloot atawa keur naon, sajoeta atawa doea mah keur adjangan noe maroeka tanah tea. Ngarentenan biasa tjara leening bae 4 atawa 5% atawa nepi ka 6% pisauna oge teu aja halanganana, asal oelah langkoeng ti sakieu bae. Da ari teu ngarenten pisan mah, ngaroegikeun teuing ka pamarentah, nja langkoeng noehoen bae oepami rentenna bade dipangmajarkeun koe an djeunna, eta noe diteda.

Eta hoetang tea dibajarna ka goepernemen dimana parantos kaarah hasilna kebonna tea, naha sabada 3 atawa 4 tahoen, koemaha gantjangna noe dipelak bae.

Ari reuteuna mah sanadjan koedoe djol dibajar oenggal tahoen oge djiga moal aja kabeuratanana di somahan teh, margi samemehna noe dipelak tea gede, kenging dibaroeng baroeng koe melak palawidja oerang, kajaning: hoema, soeoek, katjang, sampeu, tjaoe dj. s. t. Tah eta kenging (tiasa) di tjadangkeun keur majar renteuna tea.

Ari atoeran maparinkeunana artos pimodaleun oelah djol-djol bro bae oepami sabaoe f 50,—, anoe 2 baoe dipaparin f 100,—. Beu lapoer kitoe mah margi doeit teh amis, bisi sabab dilarapkeunana, poegoeh-poegoeh keur balandja moeka tanah, leos dibawa ka pasar. Langkoeng sae ditoengtoet, noeroetkeun kaperloeanana.

Dina moekana tea sasat kedah aja dina tangan-tangan departement Landbouw. Djadi kedah ditangtajoengan koe Land, Consulent. Kedah dibakoekeun bae saoerang atawa doeaan sarta dibantoe koe sababaraha mantrina anoe pingoeroeseun hal eta woengkoel. Djadi djelema - djelema mah ngan migawena woengkoel, ari atoeran-atoeranana mah noeroet sakoemaha parentah ambtenaar-ambtenaar anoe kaseboet diloehoer. Geus poegoeh migawena, paliharaanana oge kedah sakoemaha parentahan bae.

Saoepami parantos djadi, parantos djadi kontrakan noe enja, djadi sanes anoe batoer, tapi bogana oerang priboemi pisan, soemawonna oepama hoetangna parantos poenah mah.

Ajeuna kari njarioskeun hasilna, koedoe kamana didjoealna? Ngadjoeaina mah teu aja halangan ka pabrik noe sedjen oge. Tapi leuwih oetama pisan lamoen hasilna tea digaleuh koe goepernemen ngadamel pabrik di eta kontrakan somahan teh, pikeun nadah hasil-hasil ti somahan woengkoel. Koe kitoe atoeran teh, djadi goepernemen teh bekerdja kedoea laba. Ngamadjoekeun oerang priboemi ongkoh, oentoeng ongkoh. Tinimbang njieun kontrakan pamarentah koe andjeun mah leuwih hade kitoe. Da ari ngahagal mah atoeh noeroetkeun katoekang-toekang mah sok heak di djalan, kontrak oepamina teu atjan aja ari oewang geus goedawang, da sok loba los-losanana.

Pangasilan keur goepernemen teu matak aja ngoeranganana, uitvoerrechten tangtoe moal leungit, da tangtoe moal di kamanakeun hasilna teh, padjeg tanah komo dan poegoeh aja ringkoekna. Di somahna, di oerang priboeminna, atoeh komo bae senangna teh. Anoe asal ngan oekoer koeli teh, ajeuna mah ngabogaan kebon sorangan. Nja toean, nja mandor, nja koeli, teu panasaran ari kitoe mah. Moelang tarimana ka djasa goepernemen atoeh geus tangtoe, meureun beuki tengtrem beuki geten.

Komo oepami koe oerang dimanah kieu: Eta piwelas pamarentah saki toe, estoe modal saoemoer hiroep, ka bidji elmoena ngolah tanah make pepelakan peuntas, kadoea djadi modal mata doeit, margi hasil tina eta pepelakan sanes mokaha. Djadi tangtos saterasna mah bisa ngarekahan koe maneh, henteu bae dipaparin pitanaheunana deui, tangtos kipajah njiar koe maneh. Margi oepami ningal anoe parantos kadjadian ajeuna di alas Tjiandjoer parantos aja 6 - 7 na, malah poeloeh oge aja roepina, anoe asal moeasalna kinten-kinten sapoeloeh taoen ka toekang gadoeh modal saeutik eutikeun tiasa moeka sabaoe doea baoe, nja teu woedoe ajeuna teh matak raos ningal, ngeunah. ngoeping ti na „si" parantos naek kana „oedjang" kana „djoeragan". Sakapeung mah malah parantos aja noe kenging titel „toean tanah" pisan, margi parantos reboean baoe kakajaanana. Asal singkil, poerikil teh, sisiridil dina mobil, dibadjoe kidril manggoel bedil ajeuna mah.

Koe margi sakitoe pertjaja nja hate sanes oedjoeb takaboer; oepami parantos seueur anoe ngagadoehan kebon teh koe djalan voorstel ti Tjiandjoer, moal sjak deui, entong ngagngo 2 3 poeloeh taoen deui, koe 10 taoen deui, koe 10 taoen oge tangtos seueur, kilangbara ratoesan reboean mah noe djadi toean tanah teh, nanging ngaratoes mah tangtos. Sarta tjalalenghar, balaleunghar tangtoena oge, moal kasedekeun teuing hiroepna koe modal piloearan. Ari koedoe bloek bloekna koedoe ngajakeun modal keur ngajonan mah, ti mana, koemaha, masing nepi ka boetak tjetoek dawoek oge mikiran kitoe, pamohalan bisa katepina.

Ajeuna lamoen geus madjoe, geus nandjoeng tina kahiroepanana, aja deui senggolanana njaeta onderwijs. Koe lantaran oerang pilem boeran geus leber modalna, tangtoe ajeuna manehna ngabaroeng djeung mikiran hal kamadjoean tina elmoe darigama djeung agamana, da geus teu direwong koe kaboetoeh koe sahoeapeun sakopeun, moal tjara kaaja an dina waktoe ajeuna. Aja anak atawa intjoe disakolakeun (dimodalan), mana keur sorangan, djadi poetpot. Tapi engke kahareup mah djongdjon seke selerna djoenoen dialadjarna, boh sakola, boh masantren. Katoeroeg toeroeg koe goepernemen geus disadiakeun tempatna pangadjaran anoe sampoerna, dibandingkeun ka toekang toekang mah. Lain disadiaan sakola pertengahan bae, tapi sakola loehoer oge kapan geus aja doea, katiloe noe rek digelarkeun tea, Medische hooge school.

Djoeragan-djoeragan tangtos ningali alam ajeuna mah, di mana aja geleerde djol ti pilemboeran, masing ngilari sa kalieun oebar oge moal mendak, kalolobaanana seke seler dalem anoe, patih anoe, soeltan anoe sareng anoe balaleunghar, kitoe oge teu rea. Ari bangsa oerang mah sanadjan di oerang teu loba moen dibandingkeun djeung tjatjah djiwa oerang priboemi kapan parantos parentoel anoe kagoe ngan titel Mr, Dr. sareng Ir teh, tebih langkoeng seueur manan bangsa oerang. Sababna mah sanes bangsa oerang teu boga bakat (aanleg) atawa ngedoel kana diadjar, ngan koe teu aja pimodaleunana bae.

Nanging mangga geura engke mah kapajoen, moal lepat deui, aja sarta loba geleerden anoe asalna ti pakidoelan tanah Priangan, pilemboeran tanah Pasoendan.

Tjeuk oerang rek ngeangan naon deui ari geus kitoe mah, noe baroga tjaroekoep djaregoed geus loba, noe palinter geus majak, sanes soeka boengah boeka kelek montjor kepek, noelak tjangkeng dina taktak.

Ka noe njiar pagawean pohara djadi toeloengna da tambah loba paga- (*)

(*) wean ajeuna mah, aja pabrik teh atawa pabrik karet goepernemen.

Euleuh, euleuh mani hajang geurageura kadjadian, da oepami kadjadian kaoentoen tipoeng katambang beas sakoemaha tjita-tjita, tjabang Tjiandjoer mah bade njongtjot endog, doeka sagede gondok.

*) Biantara wakil Tjiandjoer dina Congres di Tasik.

## Ti pipir hawoe.

Baroedoel menak ti kidoel, iringan para toemenggoeng.

Boeroedoel menak ti koelon iringan para kaliwon djst.

Sarerea oge moal aja noe bireuk noe geus nanggap tembang kiwari atawa pantoen mah noe make lagoe . . . . . moepoe kembang tea.

Di Tasik kamari ditjoba-tjoba deui dina waktoe pesta Radja tjarogean 25 taoen tea teu woedoe ramena, lantaran anoe kapeto gawena oge 4 district Tjiawi, Singaparna, Tasik djeung Manondjaja, ngan lain ari iringan para toemenggoeng mah, ieu mah toro djol golongan toempeng dina djampana noe beunang ngahias roepa roepa soehoenan imah tapi koe kertas, djeung koe pepelakan beubeutian.

Loetjoe ngan . . . . . handjakal koe aloen aloen dibeulah koe djalan kareta api.

Noe ngagotong djampana oge saena mah oelah noe ti nangkorek lila poek ti nanggerang lila beurang eta bae ti tatangga desa, anoe sakira teu waloerat ti lemboerna oelah aja noe indit poekoel 12 atawa 2 peuting, toempeng geus tiis ongkoh tempatna dalahar di pasar atawa di masigit. Estoe mere nah. djadi tjatoer oerang lemboer, njalametkeun koe toempeng pedah Radja lawas tikah 25 taoen. Dina djidjieunan djampana koedoe make waar deering deui (dihargaan).

Teu matak naon moen bari tentoonstelling adegan imah koe kertas.

Mana noe pang njehatkeunana djeung betahna.

Mamasigitan dina waktoe sedjen, oelah barieukeun!

Noe pang aloesna tea djaba ti dibere prijs teh koedoe ditembongkeun ka sarerea soepaja ditiroe.

Gelenjoe.

## Verslag pondok.

Algemeene ledenvergadering „Pasoendan" tjabang Bandoeng di Societeit Pasamoan Pasoendan dina poe Ahad isoek-isoek tanggal 31 Januari 1926.

Voorzitter djoer. Soedjono.

Noe soemping: ± 50 lid, ti Hoofdbestuur djoer. Oto Soebrata, djoer. Prawiraamidjaja sareng djoer. Bakri: ti bestuur tjabang noe teu soemping djoer. Roestami sareng djoer. Bratasoedjana.

Noe ditjarioskeun sareng dibadantenkeun:

1. Verslag taoenan.
2. „ congres di Tasikmalaja ping 25/26 December 1925.
3. Studieclub.
4. Orgaan.
5. Milih bestuur anjar.

Taboeh 10 kempelan diboeka koe voorzitter sakoemaha adat biasa, andjeunna njarioskeun naon margina kempelan diboekana elat, henteu noe moetkeun sapertos noe kasebat dina serat ondangan. Sanaos noe soemping teu kinten kirangna oge, teu sakoemaha handjakalna, lantaran di antara

noe soemping teh seueur noe parantos legok tapak genteng kadek, dina kalangan politiek.

Teras andjeunna njarioskeun kaajaanana bangsa oerang dina waktos ieu teu atjan sakoemaha dioepamaanana dihargaanana koe noe sanes. Pikeun ngomean kaajaan noe saroepi kitoe teh teu aja deui akalna kadjabi ti oerang sarerea kedah digawe babarengan, saaleutan paheujeuk-heujeuk leungeun, oelah pagirang-girang tampian. Oerang sarerea kedah terang djeung pertjaja kana diri sorangan, sarta tanaga teh sanes bae dianggo ngamadjoekeun sorangan, tapi kedah digoenakeun oge kana kaperloean oemoem. Djabi ti koe oerang mah koe saha deui atoeh oerang Soenda teh dipadjoekeunana.

Djoer. **Darnakoesoemah** moendoet, soepaja eta verslag dilebetkeun kana salasahidji soerat kabar basa Soenda. Andjeunna njarioskeun kabingahanana ngadangoe tina eta verslag koemaha kaajaan Pasoendan dina waktos aja pilihan lid-lid kanggo raad kaboepaten Tjariosan piloearan mah, madjarkeun Pasoendan teh pagoejoeban meuak, sareng noe matak noe djadi lid raad kaboepaten kaseuseueuranana ambtenaar B. B. oge, lantaran pangaroeh Pasoendan, tjenah. Ari boektina pet soelaja pisan. Eta noe ngadjadikeun kabingahan ka andjeunna teh.

Djoer. **Bakri** moendoet soepaja padamelanana sareng pamendakna oetoesan-oetoesan Pasoendan tjabang Bandoeng, noe midamel propaganda waktoe aja pilihan lid lid raad kaboepaten, dilebetkeun oge kana verslag taoenan, soepaja djadi toeladan pikeun pikapajoeneun.

Saparantos pamoendoet djoer. Darnakoesoemah sareng Djoer. Bakri koe djoer. voorzitter disanggeman teras midamel **commissie kanggo mariksa kaajaan artos tjabang.** Noe kapilih nja eta djoer. Darnakoesoemah, djoer. Danoemihardja sareng djoer. Prawiramidjaja. Dina djero sasasih eta commissie kedah ngalaporkeun kekengingananana pamariksaan ka bestuur.

Djoer. voorzitter teras njarioskeun verslag congres di Tasikmalaja dina ping 25/26 December 1925.

Saparantosna ngabadanteukeun **Studieclub.** Djoer. voorzitter nerangkeun toedjoeanana Studieclub di Bandoeng sareng di Soerabaja andjeunna naros ka vergadering perloe henteuna Pasoendan lebet kana Studieclub sareng oepami perloe bade ka noe mana lebetna.

Djoer. **Darnakoesoemah** njarioskeun sadjarahna sareng badanna Studieclub di Bandoeng sareng di Soerabaja. Pamendak andjeunna mah doeanana oge sae ngan di Bandoeng noe ngadjalankeun propagandana ngaeta djoer. Kadmirah sareng djoer. Safioedin, roepi-roepina ka Pasoendan ngandoeng hate. Koe emoetan andjeunna, tina ewedna, Pasoendan entong waka ngabantoen kapoetoesan. Saena mah, Studieclub Soerabaja bae heula oudang ka Bandoeng, sina ngadamel openbare vergadering.

Djoer. **Idih Prawiradipoetra** njarioskeun, jen andjeunna oge kantos ngiring kana ngadegkeunana eta Studieclub di Bandoeng, malah statuteuna oge didamelna koe andjeunna pisan. Tapi lantaran langkoeng tjotjog kana toedjoeanana Studieclub Soerabaja, ka Studieclub Bandoeng dina ngoeroesna andjeunna parantos teu pipiloeeun deui. Teras koe andjeunna didadarkeun margi margina noe mawi teu patos tjotjog ka Studieclub Bandoeng. Koe emoetan andjeunna sae Pasoendan ngahidji sareng Studieclub Soerabaja.

Djoer. **Danoemihardja** nerangkeun koemana akalna, soepaja oerang di doenja tiasa repeh sarta rapih Dina sagala roepi tangtos aja papasanganana, aja awon, aja sae. Andjeunna moefakat Pasoendan entong waka ngabantoen poetoesan.

Djoer. **Soerabrata** naroskeun, koemaha akalna, soepaja oerang gantjang meunang kamerdikaan. Oepami masih keneh dioeroes koe batoer mah, salawasna oge oerang moal meunang kangeunahan.

Djoer. **Adiwidjaja** njarioskeun kaperloeanana Pasoendan ngiring kana Studieclub. Lantaran tjaket emoetan andjeunna mah langkoeng sae Pasoendan lebet ka Studieclub Bandoeng soepaja oelah aja panjerewedan.

Djoer, **Wirasasmita** nerangkeun naon sababna noe mawi andjeunna lebet kana Studieclub Bandoeng, nja eta koe emoetanana tangtos engkena mah sapertos Soerabaja.

Djoer. **Bakri** njarioskeun jen Pasoendan perloe pisan miloe tjampoer kana Studieclub. Tapi samemelna oerang njieun poetoesan, ka Studieclub noe mana pinsoepeun, oerang koedoe milih heula, koemaha toedjoeanana S. c. Soerabaja, S. c. Bandoeng sareng toedjoean Pasoendan. Sapertos noe parantos ditjarioskeun, koe noe njarios ti pajoen, S. c. Bandoeng toedjoeanana teh ngan rek ngoelik roepi roepi soealan pikeun kaperloean oemoem bae. Sarta beubeunangananana ngoelik teh ngan oekoer rek diembarkeun ka djalma rea (volk). Rek didjalankeun henteuna mah koemaha timbangan djalma rea bae, dina amis peleuna, pait peuheurna, Studieclub moal pipiloeeun. Sagala bangsa meunang asoep djadi lid sareng dina nga bantoen kapoetoesan sadajana lid. boh boemi poetra, boh walanda, sami hakna.

Ari s. c. Soerabaja mah djaba ti ngoelik roepi-roepi soe'al teh djeung prakna didjaralankeun koe noe ngaroelikna pada miloe ngarasakeun dina ngeunah teu ngeunahna. Lain boe mipoetra oge meunang djadi lid djeung mere timbangan ngan dina njieun poetoesan maranehanana teu meunang pipiloeeun. Djadi oepama oerang koedoe neundeun kapertjajaan tangtos leuwih pertjaja ka s. c. Soerabaja. Pasoendan djeung Soerabaja dina toedjoeanana sadjalan pisan, doeanana pada koempoelan poelitiek. Koe sabab eta djoer. Bakri ngamoefakatan Pasoendan, miloe ngahidji ka s. c. Soerabaja

**Djoer. Otto Soebrata** njarioskeun ti na perkawis perhinaan djoer. Kadmirah sareng djoer. Safioedin ka Pasoendan. Dina batinna mah perhinaan kitoe teh teu matak ngaroegikeun ngan dina lahirna tangtoe matak awonna teh ka Pasoendan. Koe perhinaan kitoe ngaran Pasoendan kaloearna bisa djadi goreng, lidna oge bisa djadi ngoerangan, koe sabab eta Pasoendan koedoe ati ati pisan.

Kana Studieclub, Pasoendan perloe miloe ngahidji. Andjeunna ngaroedjoekan ngahidji sareng Soerabaja, margi dina sagala roepina S. C. Soerabaja langkoeng reugreug. Ti dina djoer. Otto Soebrata nerangkeun maksadna ketjap merdika ngahoeboeng kana patarosan djoer. Soerabrata. noe kasebat di loehoer.

Djabi ti noe kasebat di loehoer tina perkawis Studieclub seueur deui noe njarios, maksadna meh sami bae pada ngamoefakatan Pasoendan lebet ka S. C. Soerabaja.

**Poetoesan vergadering**, Pasoendan perloe ngahidji ka S. C. sareng ngahidjina kedah sareng S C. Soerabaja.

Ti dinja djoer. vooorzitter nerangkeun kaperloeanana pagoejoeban ngaloearkeun ORGAAN. Koe margi dina waktos ieu Hoofdbestuur teu atjan tiasa ngaloearkeun orgaan sorangan. timbangan andjeunna, oepama karem pagan koe Hoofdbestuur, sae tjabang bae kanggo elid elidna ngaloearkeun orgaan sorangan.

Perkawis piwaragadeunana ningal kaajaan ajeuna mah koe tjabang Bandoeng tangtos tiasa kaoedag. Dina redactiena bade njoehoenkeun pangdeudeul Hoofdbestuur. Koe margi eta andjeunna naros ka djoer. Otto Soebrata, voorzitter Hoofdbestuur, kenging henteuna tjabang Bandoeng ngaloearkeun orgaan sorangan.

**Djoer. Otto Soebrata** njarioskeun, jen tjabang-tjabang sadajana pada aja hak ngaloearkeun orgaan sorangan, moeng pirempag andjeunna mah tjabang. Bandoeng sae ngalanggan ka Sipatahoenan bae.

**Djoer. Bakri** moefakat pisan tjabang Bandoeng ngajakeun orgaan, moeng katjida teu moefakatna. oepami redactiena dibantoe koe Hoofdbestuur margi bilih disebatkeun pilih kasih ka tjabang-tjabang noe sanes. Saena mah tina perkawis redactiena dioeroes koe biestuur tjabang bae.

**Djoer. Danoemihardja** ngoeningakeun, jen „Perdata" aja maksad bade ngaloearkeun orgaan. Koe margi eta saena tjabang Bandoeng ngahidji ka Perdata.

**Djoer' Idih Prawiradipoetra** naroskeun pikiateun henteuna tjabang Bandoeng ngaloearkeun orgaan sorangan, kinten kinten teu pikiateun mah sae entong bae.

**Djoer. voorzitter** njarioskeun kasesahanana kanggo tjabang, oepami ngalanggan ka Sipatahoenan sareng oepami ngahidji sareng Perdata. Ningal kaajaan ajeuna mah tjabang Bandoeng tangtoe kiat ngaloearkeun orgaan sorangan.

Poetoesanana, tjabang Bandoeng baris ngaloearkeun orgaan sorangan sarta redactiena bade dioeroes koe bestuur tjabang.

Ti dinja teras ngabadantenkeun tina perkawis **milih bestuur anjar.**

Djoer. Darnakoesoemah sareng djoer. Oto Soebrata moefakatna soepados bestuur heubeul sadajana tetep, djabi ti Vice voorzitter kedah digentos koe djoer. Idih Prawiradipoetra.

Djoeragan **Soedjono** njarios, soepados Pasoendan Tjabang Bandoeng tiasa madjeng, noe djadi voorzitterna kedah noe aja kasebatna, nja eta, djero pangartina. Andjeunna ngaraos kirang oetami djadi voorzitter teh. Timbangan andjeunna noe pangoetamina djadi voorzitter teh taja sanes djabi ti Djoer. Idih Prawiradipoetra.

Vergadering katjida moepakatna, oepami Djoer. Idih kersa nampi.

Djoer. **Idih** nampi. Andjeunna nganoehoenkeun ka sadajana, wireh parantos neundeun kapertjantenan ka andjeunna. Sanaos andjeunna roemaos seueur kakirang oge, moal pandjang dinanah, ngan andjeunna moendoet pangdeudeul sadajana, babakoena Djoer. Soedjono, wireh Djoer. Soedjono parantos seueur pamendakna tina perkawis ngaheujeuk tjabang Bandoeng.

Vergadering keprok sadajana.

Ti dinja milih bestuur sapalih deui.

Noe kapilih:

| | | |
|---|---|---|
| Djr. **Soedjono** | vice voorzitter. | |
| „ A. Widaprawira | secretaris. | |
| „ Rafioedin | penningmeester. | |
| „ Satiaatmadja | commissarissen | } |
| „ Wirasasmita | | } |
| „ Roestami | | } |

Geus kitoe Djr. Idih ngalih kana medja bestuur sareng salterasna andjeunna noe djadi voorzitter vergadering.

Djr. Otto Soebrata moendoet, soepaja Tjab. Bandoeng midamel propaganda kanggo milih lid-lid gemeenteraad, margi sakedap deui lid-lidna bade dipilih deui. Ajeuna pagoejoeban pagoejoeban walanda tina perkawis gemeenteraad parantos ngahidji deui, tapi sanaos kitoe oge oerang teu kedah leutik hate, margi atoeran milih ajeuna parantos. digentos Pasoendan tjabang Bandoeng kedah enggal-enggal midamel vergadering, ngahidji sareng B. O, N. I. V. B. sareng Perserikatan Minahasa, pikeun ngabadantenkeun tina perkawis kiesrecht ordonnantie Gemeente Raad sareng kaperloean kaperloean sapamoendoet Djoeragan **Otto** koe voorzitter disanggeman.

**Djr. Adiwidjaja** nerangkeun kaperloeanana ngajakeun tempat kanggo pakir miskin. Koemargi eta andjeunna panoehoen ka bestuur, soepaja ichtiar ngilari akal ngajakeun tempat noe saroepi kitoe.

Djr. **Wirasasmita** njarioskeun kasoesahanana noe leutik koe roepi-roepi paparentahan, babakoena padagang noe leutik noe djadi wadalna teh. Ajeuna parantos aja deui bae parentah, soepaja toekang beas sadajana pada gadoeh oekoeran noe pasti sarta saroea kanggo ngadjoealan beasna. Ari harganа eta oekoeran (liter) teh kirang langkoeng f 6,—.

Nilik kana kaoentoengannana noe daragang bangsa kitoe, eta parentah teh karaos koe andjeunna katjida teu adilna, andjeunna moendoet ka bestuur, soepaja ngilari akal, sangkan eta parentah teh ditjaboet deui kitoe deui andjeunna panoehoen soepaja tjabang Bandoeng ngamadjengkeun sport.

Djr. **Bakri** nganoehoenkeun wireh djr. Idih parantos kapilih sarta kersa djadi voorzitter. Pikeun kamadjengan Pasoendan perloe pisan oerang ngageungkeun midamel propaganda. Ajeuna seueur keneh noe teu terangeun aja pagoejoeban Pasoendan. Koe sabab eta, oerang kedah sakedah polah ngilari akal, soepaja Pasoendan kanjahoan sarta dipitjinta koe sarerea. Oerang kedah ngaboektikeun kanjaah oerang ka noe leutik saperti ngajakeun polikliniek djeung sadjaba ti eta, noe dipikaboetoeh koe sarerea.

Djr. **Darnakoesoemah** njarioskeun jen andjeunna nembe ngaloeoehan kempelan Pasoendan; ari margina sanes kirang tjinta ka Pasoendan, tapi tina seueur karepotan. Satoengtoeng andjeunna aja di Bandoeng sarta teu aja pambengan noe penting, ka pajoen dina oenggal aja kempelan Pasoendan andjeunna tangtos merloekeun pisan soemping. Babakoena noe djadi panarik ka andjeunna teh sasaoerannana Djr. Soedjono sareng Djr. Danoemihardja tina sakitoe sarae sareng perleute basa Soendana.

Andjeunna teu kinten bingahna lantaran Pasoendan ajeuna sidik sanes parabotna B. B.; soepados kapajoen di mana aja deui pilihan lid raad kaboepaten, Pasoendan gadoeh tjetjekelan noe pageuh, oerang koedoe midamel propaganda ka district-district sareng ka pasisianana Satiasa-tiasa noe djadi lid raad kaboepaten teh oelah ambtenaar B. B. margi tangtoe kirang wawanen, moal laloeasa dina nerangkeun kagenah djeung katoege nahanana noe leutik. Oepama seueur B. B. ambtenaar noe djadi lid, raad kabopaten moal tiasa njoempoman kana maksadna.

Djr. **Otto Soebrata** nerangkeun, jen andjeunna di gemeenteraad parantos midamel voorstel, soepados ngajakeun bedelaarskolonie kanggo pakir miskin, koe lantaran eta voorstel Djr. Adiwidjaja teu kedah didjalankeun koe Pasoendan, langkoeng sae deudeul bae voorstel andjeunna di gemeenteraad. Tina perkawis Ijkwezen oge noe ditjarioskeun koe Djr. Wirasasmita di gemeenteraad parantos dibadamikeun.

Eta perkawis, koe burgemeester bade dipariksa bener-bener. Tina ngamadjengkeun sport vereeniging de Bruinen bae deudeul koe sarerea.

Perkawis madjoena sareng kakiatanana pagoejoeban sanes koe seueurna lid bae (kwantiteit). tapi babakoena koe kaajaanana (kwaliteitna) noe djadi lid. Dimana midamel propaganda oerang koedoe ati-ati pisan, sabab oepama maksad oerang teu kahartieun mah koe noe leutik lain matak ngamadjoekeun anggoer matak ngadjadikeun moendoer kana pagoejoeban. Teroes andjeunna njandak tjonto tjonto tina roepi roepi pagoejoeban.

Djr. Voorzitter nerangkeun, koe ajana metriekstelsel noe bade diajakeun pikeun sa - Pasoendan, henteu lepat, malah sae moeng oerang kedah nalingakeun sarta ichtiar, soepaja ngeunakeunnana ka noe leutik sareng kaadilan.

Ngamadjengkeun pagoejoeban djabi ti koe propaganda noe biasa teh oerang kedah seueur natamoe (huisbezoek) ka noe teu atjan djaradi lid.

Saparantos roepi - roepi patarosan sareng voorstellan koe andjeunna diwaler, sareng disanggeman, koempoelan taboeh 2 ditoetoep.

Secretaris Pasoendan

Tjab. Bandoeng

**A. Widaprawira**

## Propaganda-fonds.

Nandjo gerakna sababaraha tjabang Pasoendan, saperti Bandoeng djeung Tjiandjoer, kawas-kawas pagoejoeban oerang teh, rek eungkeut-eungkeut deui . . . . Ka sakitoe kalina. Sabab elid-elid noe taroehoe pada terang, koemaha tiktikbrekna ingon - ingon oerang sarerea. Ana madjar moestari waktoena, pahideng hideng pada maban, ana geus datang soeë . . . . loer djeun, kawas mitjeun roentah ka djarian teh lain bohong. Djadi noe beunang poetoekal - petekil dina waktoe moestari, beak koe mangsa kadjeunan.

Sarerea pada ngakoe, goreng eta teh! Ajeuna kari koe oerang koedoe ditetepkeun naon kasakitna djeung naon pioebareunana.

Koe oerang koedoe diakoe, djelema loba teu pati-saenjana. leuwih ti teu pati, teu pati njahoeun kana oedagananana Pasoendan. Lain teu ditarik teu ditakon ki Marhaen, ngan petana ngadjalankeunana teu atjan tjoekoep teu atjan sakoemaha koedoena.

Poegoeh, geus aja kaom leutik miloe oeloe bioeng djeung Pasoendan, tapi sabaraha? Oepama dibandingkeun djeung lobana tjatjah djiwa Pasoendan, beunang diseboet noe geus asoep teh saroea djeung henteu.

Toerta oepama oerang nilik kana oedagan oerang, tjetjekelan oerang, noe geus ditetepkeun dina Statuten, heg dibandingkeun djeung pakoempoelan-pakoempoelan sedjen, toh bennang diseboet teu aja „essentieel verschil" (datna), ngan oekoer „graduweel" (sipat).

Tapi naha ari oerang njaritakeun kaperloean pikeun rahajat, Marhaen emboeng datang, ari pagoejoeban sedjen noe njaritakeun eta keneh, bet pada moro?

Geura oepamana aja koempoelan S. I, atawa P. K. I. djeung Pasoendan, noe dibadamikeunana atawa dioeroesna saroea, naha ka oerang emboeng ngadengekeun, ka ditoe daek?

Meureun aja noe njeboet eta ari ditjaritakeun koe Pasoendan mah, tara ngalartieun, da basana basa lemes, teu poksang. Geura heg tambahan koe njarekan, koe ketjap-ketjap noe matak ngarentoeg ka ditoe, aboug moen teu „pojpulair" (pada mikaresep).

Ieu omongan bener. Memang enja, noe laladjo biasa pisan resep ngadengekeun noe heuras genggerong, resep nendjo atawa nanggap noe pasea. Sanadjaaan dirina sorangan ana nepi kana prakna riboet, loempatna paheula-heula, Tapi naha aloes noengtoen rahajat koe djalan kitoe? Atoeh ari noe djadi panoengtoen koedoe noeroet kana karesep djelema loba mah lain **panoengtoen** ngaranna, **toekang ditoengtoen** meureun.

„Onbekend maakt onbemind", tjeuk Walanda, koemaha rek resep, oepama teu njaho?

Pagawean oerang noe koedoe diheulakeun oepama hajang sina njerep oedagan oerang ka handap, koedoe daek ngadagangkeun ka djelema loba. Teu koedoe ka pasar bae, dagang ider oge, moal loepoet beubeunangananana.

Keukeuh tjeuk koering mah henteu goreng dagangan oerang teh, teu eleh dasar, teu eleh babaran! Hanas aja kakoeranganana, oerang omean koe oerang sarerea, da noe oerang, oelah resep ngantep!

Karasa koe koering pribadi, noe tjekel gawe, teu bisa mere tanaga anoe sakoemaha mistina, keur ngamadjoekeun Pasoendan. Ari njaah panteg! Noe didjalankeun koe koering estoe sahajoena pisan. Sambian Ari seg noe sedjen, kawas teu beda djeung koering. Tjing koemaha atoeh akalna?

Madjoe koedoe Pasoendan teh. Koodoe pajoe oelah tinggaleun! Ari paeh poso, teu bisa.

Ingetan koering taja lian salah sahidji akalna pikeun ngamadjoekeun teh. oerang koedoe boga djelema, anoe ngawoengkoel pagaweanana ngaliarkeun tjita-tjita Pasoendan: Tjindekna koedoe boga propagandist, noe dihiroepan koe pagoejoeban oerang.

Angen-angen ti bareto djaman di Bandoeng keneh, hajang pagoejoeban ngabogaan propagandist, tapi teu bisa didjalankeun, lantaran . . . . kantong kosong, kas koredas! Tina ngarasa toena tanaga ripoeh loba kaboetoeh, waleh. Nja dipindahkeun ka Tjiandjoer. Tapi di Tjiandjoer lapoer, Batawi anggoer moetjitjid. hioeng deui hiber ka Bandoeng,

Teu weleh kas tinggal kas. arta teu aja tah koemaha petana.

Bareto koering rirwww ngan djeung babatoeran ngajakeun fonds, noe hoeripna tina kedermawanan bangsa oerang, noe enja panghajangna ngamadjoekeun bangsana. Harita kawas tjan tjoendoek kana waktoena, da koering kawas ngetrokan kamar kamar kosong, teu aja noe nembalan.

Ajeuna koering nawaetoe deui ngadjak ka kantja-kantja, ngajakeun propagandafonds.

Atoeranana kieu:

Elid elid Pasoendan noe kersa nahap nahapkeun maneh djangdji dina zegel ka Pagoejoeban Pasoendan rek mere saboelan saringgit ka Propagandafonds, pikeun lilana sakitoe taoen (engke bisa dibarempagkeun lilana).

Djaba ti eta ditambahan koe derma noe teu ditangtoekeun. Oepamana koe collecte dina oenggal aja rioengan atawa verggdering.

Ari fonds - na rek dioeroes koe Hoofdbestuur bade. aloes noe aja, rek dipasrahkeun ka Tasikmalaja baeu.

Tjabang Tasik bisa garandeeren sakoerang koerangna sapoeloeh djelema noe sanggoep setor kana propagandafond saboelan saringgit.

Mangga ajeuna geura maranahan!

Digawe koe andjeun teu kaeroeg, tjing toendjang koe sedjen djalan. Entong tjara deungeun-deungeun teh sakali mere make reboean, sawareh mah nepi ka sakabeh radja-kajana. Ieu mah oerang maksakeun maneh: saringgit, Poegoeh seueur. Oepama teu maksakeun maneh iraha mitembejanana. Hanas make ratoes-ratoes noe kersa, nja oerang tjarios deui bae engke.

Tiasa djadi engke dina kongres, hal ieu ditjarioskeun. Noe mawi panoehoen ka sadajana tjabang hal ieu

dibarempagkeun noe leres.

Ari pidjelemaeunana kapoengkoer parantos aja nae sanggoep, malah tjeuk ingetan noe wawoeh ka andjeunna djelema noe „gekuipt" pikeun tjampoer djeung noe leutik.

Oepama aja pirir kaleked aos sasambatna Pasoendan beunang Tjiandjoer. Boelak-balik sing nepi ka njerep!

Moega-moega pangadjak koering, oelah nepi ka tjara noe ka toekang-toekang:

Leuwih aloes dermawan maksakeun maneh, manan oekoer mitjeun ratoes, tapi radja kaja pneloehan reboe.

Tjing, soendel, soendek, soendoel? Pilih!

## Robahan padjeg.

Aneta meunang bedja, jen verslag koemisi robahan padjeg toean Meyer Ranneft djeung toean Huender geus anggeus Voorstelan noe dina tanggal 6 Februari, disanggakeun ka Pamarentah nja eta:

1. Ngaleungitkeun hoofdgeld (padjeg sirah konde, kapala) di poelo Djawa djeung Madoera anoe beubeunanganana ditaksir f 12 malioen.

2. Ngaleungitkeun sabagian opcenten padjeg pangasilan. Pamarentah nampana opcenten lain f 7½ malioen tapi f 3 malioen djadi ngoerangan f 4½ malioen.

3. Mitjeun opcenten Verponding Walanda, Beubeunangan ngoerangan f 727000.

4. Ngarobah verponding priboemi. Beubeunangan Pamarentah ngoerangan f 200.000.

Djoemblah Pamarentah bakal ngoerangan nampa f 15 927.000.

5. Naekkeun beja keretas sigaret. Nambahan beubeunangan f 1½ malioen.

Djadi Pamarentah kakoeranganana nampa f 14.927 000.

Perkara padjeg tanah (landrente) bakal dipariksa. Nja kitoe deui kabeubeurat desa (desalasten).

Padjeg personeel menta dirobah noe njokotna tina koeda djeung kahar, djeung padjeg personeel soepaja beunang dikoerangan. Oepama noe majar padjeg boga anak. Divoorstel oge djelema noe ngagarap sawah batoer (deelbouwer), teu koedoe majar padjeg pangasilan.

Moega-moega ieu teh oelah ngan voorstel bae tapi geuwat ditetepkeun koerangan, babakoena padjeg noe leutik noe koedoe diheulakeun dikoerangan teh.

## Tjabang Pasoendan TJIANDJOER.

Dina malem Saptoe, 12 Februari, tjabang Pasoendan Tjiandjoer geus ngajakeun deui koempoelan tempatna di societeit „Harmonie".

Ieu leden vergadering dimimitian koe biantarana Djr. Wirasendjaja tina hal „Democratie" (Somah moerba") Kalintang ramena; soemawonna dina waktoe lezing mah, da seueur ondangan, samalah Kangdjeng Dalem oge parantos kersa roeroempaheun ngaloeoehan biantarana Djr. Wirasendjaja tea. Koe soempingna Kangdjeng Dalem teh katjida ngadjadikeunana reugreug tegoehna ka tjabang Tjiandjoer. Andjeunna parantos ngadawoehkeun dina pamoeka kempelan kapanoedjoenana kana parkoempoelan „Pasoendan" ngan henteu tiasa ngiring tjampoer, lantaran kahalangan koe kapangkatan.

Tina hal biantarana mah moal ditjarioskeun di dieu, lantaran parantos kamoepakatan koe koempoelan sareng kawidian koe noe kagoenganana (Djr. Wirasendjaja), soepados eta lezing bab „Democratie" teh ditjitak, didamel boekoe sarta bade didjoeal pikeun kaoentoenganana tjabang Pasoendan Tjiandjoer. Samalah panoenoehoen ti tjabang Pasoendan Tjiandjoer ka sadajana siid Pasoendan sareng abonne „Sipatahoenan" kersa naroendjang kana madjengna kas Tjiandjoer, koe djalanan kersa ngagaraleuh eta boekoe tea, engke oepama parantos ditjitak, etang-etang masihan derma.

Dina ledenvergaderingna noe dibarempagkeun teh, nja-eta:

I. Ngabadantenkeun voorstel-voorstel pikeun kaperloean tjabang Tjiandjoer sorangan:

a. Njoehoenkeun tarief moerah pikeun noe masakin, noe mariskin, noe barajang ngalanggan kana lampoe listrik di Tjiandjoer.

b. Njoehoenkeun soepados taxatie huishuur noe dikeunakeun kana aansluiting waterleiding saroea djeung taxatie aanslag personeele belasting. Oelah saperti ajeuna rea rorompok noe ditaksir sewaanana pikeun personeele belasting mah oepamana f 20 tapi ari keur aansluiting waterleiding mah f 35,— at. f 40,—

c. Njoehoenkeun soepados di pagadean Tjiandjoer, anoe katimbang saban poë ti poekoel 7 nepi ka poekoel 3 teh heurin oesik koe noe ngagadekeun at neboesan, lawangna keur neboesan at ngagadekeun teh pikeun awewe dipisahkeun.

II. B. bab pitempateunana dina congres dina tanggal 3—4 April.

Tjabang Tjiandjoer moefakat diajakeun di Bandoeng.

III. Ngabadantenkeun voorstel-voorstel pikeun kana congres tea; noe bakal dipadjengkeun teh nja eta:

a. Njoehoenkeun soepados renten pakgade dongkap ka gadean f 25,— dikirangan, koe lantaran noe ajeuna abot teuing.

b. Njoehoenkeun netepkeun orgaan Pasoendan, dihidjikeun sareng verzekering keur kamaotan sareng katjilakaan gede.

c. Dina rondvraag bade njoehoenkeun diterangkeun bab studiefonds.

Tjabang Pasoendan Tjiandjoer

*Secretaris.*

## Babsadjarah.

Koemargi djisim koering sakalintang satoedjoena hat ka para djoeragan anoe njarioskeun atanapi kana seseratan anoe ngaentoerkeun Bab Babad atanapi Sjarah toeroen Poesaka bibit boeit manoesa di tanah Djawa, noe ahir djadi toemetes ka noe ngazaman ajeuna, pribados sanes ngan koe waning resep ngoeping bae, moentanget tina hajangna terang noe sales - leresna pokona pangeusi boeit bab Djawa, margi noe prantos kaidong koe djisim koering bet benten-benten bae sapertos di pihak si mah njarioskeunana kitoe, tapi dihak Si B. mah kieu, padahal pola kedah sami bae.

Tina kitoena sim koering saka lintang sarakahnate lantaran hajang piean mendakan sadjarah toeroenan, anoe sampoernaa eta pikeun tatali kanjaho, sanadjan didongkapkeun koe bedja oge hajang endak bedja anoe leres. Emoetan sim koering ajeuna katjida oetamiual oeroesan sadjarah toeroenan ngaugpaat ka sadaja bangsa oerang pemi lamoen bae ditoengtoen koe atoeran djoeragan Redacteur Sahoenan ditoengtoet dilebetkeun ka soerat kabar, saban kaloear, ude sadaja noe maos djadi aroen, sing saha anoe njepeng sadjarah oeuana, oepami aja anoe teu acé patjoean oelah rek njela moeng lah menerkeun, ari ngalereskeun kedah njeratan bae ka djoeragan Redacteur, soepaja disamboeng koe langan.

Tina kitoena etan pribados soteh, sadaja noe s anoe tatjan paham kana sa toeroenanana tauwande djadi inga, terkadang teras disaralin, dilinanana djadi sadjarah ka araueia, malah terasna ka arandjeunnlah pada ngalebetan ladjeng kaen ka Redactie soepaja ka samboeun dina serat kabar, ngan bae noe sadjelas djelasna oelah ngi di pengkolkeun koe hawa t.

Ieu dihandap d koering bade ngadamel poepoe sanes pisan pisan pribados meun pamaham, di pakalanan, Betat 1000 tobat, ngan bae tekad dos njoehoenkeun di akoerken sadaja para djoeragan noe pa kana bagbagan elmoe Sadjarah, tina 2 djantoeran sadjarah di handap ieu, mana anoe kedah dianggo poko pikeun dikanjahokeun atawa noe kedah diladjengkeun pikeun djadi kanjahona poetra poetoe oerang, sapertos a.

Djisim koering prantos niugal sareng maos dina Babad Soekapoera, noe didjantoer dina zak Almenak 1926 noe di kaloearkeun koe Galoenggoeng Drukkerij dina katja 9, kaoeni kieu:

Kinten-kinten geus 1437 taoen nepi ka ajeuna anoe djoemeneng radja di nagri Medang kamoelian djenenganana.

1. Praboe Bandjaransari digentos koe hing kang poetra.

2. Praboe Moendingsari digentos koe hing kang poetra.

3. Praboe Moendingwangi.

Tidinja ngalih ka nagri Galoeh didinja djoemeneng ratoe poepoetra 5. anoe 2 istri teu diseboet di dieu noe 8 pameget nja eta.

2. Raden Djaka Soesoeroeh.

1. Raden Dipati Arija Bangah.

3. „ „ Tjioeng Wanara.

Sanggeus wapat ramana enz. enz. zie zak almanak.

Dina katja 11. Sarsilahna Praboe Tjioeng Wanara: Praboe Tjioeng Wanara gelar Praboe Brakoemara, atawa Sri Maha Sakti Radja Padjadjaran ka 1. Poepoetra Praboe Loetoeng kasaroeng Radja Padjadjaran ka 2

Poepoetra Praboe Linggawastoe Radja Padjadjaran ka 3.

Poepoetra Praboe Lingga wessie Radja Padjadjaran ka 4.

Poepoetra Praboe Linggahijang Radja Padjadjaran ka 5.

Poepoetra Praboe Angga larang Radja Padjadjaran ka 6.

Poepoetra Praboe Siliwangi Radja Padjadjaran ka 7.

(Waktoe Praboe Siliwangi ngasta karadjaan eta nagri Padjadjaran geus roeksak).

Poepoetra Praboe Rangga mantri


„ESTATES SUPPLIES"
T. HERMANS
Telefoon 1918—2061 Bandoeng
Telegramadres
„SUPPLIES - BANDOENG"
Agenten der N. V. Handel- en Industrie - Mij.
„Mestfabriek Java"
Kita djoewal segala roepa
Obat boeat bikin gemoek tanah
Seperti: Zwavelzure Ammonia
Enkel Superfosfaat
Dubbel Superfosfaat
Kali
Tepoeng Toelang
Katjang Boengkil
Natuurfosfaat
„ESTATES SUPPLIES"
BANDOENG
Aloon-aloon Kantor Nillmy.



„TJIN FEN"
Kamasan pajoeneun pakgade Tasikmalaja.
Nampi roepi - roepi padamelan tina emas sareng perak, sapertos: ngadamel lelepen, tjoetjoek konde, soeweng, paniti, rante erlodji enz.
Padamelan ditanggel sae tjepet, ongkos mirah, noe mawi disoehoenkeun ka sadaja para djoeragan sobat-sobat moegi kersa njobian ngadamel tangtos bakal kenging kabingahan
Hormatna
TJINFEN.



GESUDIEERDE NEUTR H. I. S.
„Boedi Prijaji" Garoet.
Ngawitan 1926 aja lowongan hidji goeroe kaloearan Kweekschool noe di kakirang-kirangna dalapan taoen. Noe bade ngalamar kedah ialirio bewijs noe sah, katjekapan tina hal ngadjar basa Malajoe Soenda. Gadjih sareng kawadjiban² sami sareng di sakola Goebent. Adres panglamar ka Hoofd der school.
Bestuur,



Dr. TAN TJOEN HAIJ
ARTS.
Di Kebondjoekoet Zuid Bandoeng, tjaket tilas boemina Djr. Dr. Saleh Marboem.
Ngalandongan sagala roepi panjawat. Marios saban dinten.
Waktosna.
Endjing-endjing 7-9
Sonten 4-5
41



PERELOE AROENINGA.
1000 (sareboe) Keretas post sae kenging njitak pangaos . f 4.50
1000 ( „ ) Amplokna „ „ „ „ . f 4.50
Zak-Almenak taoen 1926. sadjilidna . . . . . f 0 35
Boekoe Inlandsche-Verponding kenging njoerahan djoeragan R. SOENARJAKOESOEMAH Onder Voorzitter Landrad Mester - Cornelis pangaos sadjilidna . . . . . . . . . f 1.—
Boekoe tjarios Pemboenoehan toean Doorman pangaos . f 1.25
Tas tina koelit anoe sae mode JORNALIS, timbangan serat sareng roa-roa deui kaparloean kantor-kantor sareng parabot njerat anoe sesah ditetek hidji hidjina, pangaosna anoe tangtoe mirahna.
Padamelan tjitakan ditanggel sae enggal.
Anoe ngadjeng sareng hoermat
„Galoenggoeng Drukkerij."



Eere diploma ti Groote Tentoonstelling Tasikmalaja. 1925
Koek - en Banketbakkerij
Fabriek
RADEN NATAMIHARDJA
Stationsweg 15/17 Tasikmalaja.
Sadjabi ti sajagi koeweh-koeweh teh disajagikeun tempat ngaleueutna noe sampoerna.
Sareng tiasa ngitjal kaperloeanana koeweh, sapertos: boemboena, klosirna sareng kembangna oge, pangaos kenging badanten.
Tiasa mangdamelkeun ijs poeter noe sajaktosna, dina 1 Liter timbangan pangaos f 2,50 doegi ka f 5— ditanggel sae.
Noe ngantos
17 Raden Natamihardja.
Stationsweg 15/17 Tasikmalaja



TOKO en DRUKKERIJ
Pasoendan Tasikmalaja.
Nampi sanis kanten padamelan, ngitjal wawatjan anoe parenting anoe marodel, sapertos:
Batara Rama, kenging disebat poesaka oerang dina dangding basa sareng tjariosna, karangan R. Anggabrata Boedjangga Soenda . . f 0,65
Ardjoenawidjaja, penting eusina, basana, margaloejoena . . . f 1.—
Atoeran hal onwettige Occupatie (tanah mentah teu sjah) . . f 0.25
Pangadjaran Agama Islam (pangatoeranana) . . . . . . . f 0.35
Wet perboeroean . . . . f 0.60
Sadjarah Kangdjeng Nabi Moehamad . . . . . . . . . . f 0 50
Wawatjan Batara Rama II pangaos f 0,50
Nampi roepa-roepa tjitakan.
Wawatjan Wasiat Rama moeng f 0,10
perloe kanggo persen moerangkalih.
di Toko Pasoendan
TASIKMALAJA.



TOEKANG KAJOE DARI BATAWI
SIN HONG BOEN.
Pasar kolot 13 Tasikmalaja.
Ngitjal sareng ngadamelan barang-barang tina kajoe sareng howe, padamelan mananggel beres rapih sareng sae. Kenging diaben sareng sanes-sanes. nja kitoe deui dina modelna,
Pangaos mirah, sedeng bersaingan
Roepi-roepi marmer, katja batoe, kaja hedjo, ieu sadaja djadi perhiasan ngawoewoeh kana resmina barang. Mangga tingalian saksikeun, bandingkeun saniskantenna.
Noe ngantos-ngantos.



AWAS!!
SA'IR PENTING
Lamoen palaj njenangkeun manah,
anoe tjotjog kana manah,
ka salira matak ngareunah,
matak djaoeh tina pitnah.
Mending oge ngaos boekoe,
dina korsi atawa bangkoe.
moen kahartos moal kakoe,
pikeun aneka lakoe.
Lamoen palaj raos seuri,
ngaos boekoe „PABRIK SEURI"
matak leungit sagala kanjeri,
datang ni'mat noe mawa sari.
Moen palaj raos goemoedjeng,
ngaos boekoe „GOEDANG GOEMOEDJENG,
landong matih matak wiloedjeng,
mangga soemping teu kinten di adjeng-adjeng.
Boekoe „ROESIAH NOE GEULIS"
lenjepkeuneun noe gareulis,
pikeun noelak setan iblis,
matak terang „ADJINA" geulis.
Talakan djaman ajeuna,
anoe teu kinten ramena,
„ELIS ATJIH" tjarioena,
dipikaresep koe sadajana.
Boekoe sae djabi ti eta,
ti „DJR. M. I. PRAWIRA-WINATA"
ti „BALAI POESTAKA" njata,
noe kasohor ka oenggal kota.
Pikeun djalan „KAMOELJAAN,
soemangga geura tjobian,
senes kanten disajagian,
di BIBLIOTHEEK „SINAR - KAMADJOEAN.



Perloe Oeninga.
Mangga aos mangga tjobian mangga boektikeun salamina nampi roepi-roepi padamelan panganggo pameget atanapi anggoan Maroerangkalih noe didamelna ditanggel sae sareng rapih, oge kantenan disajagikeun lawonna roepi-roepi sareng nampi kengkenan ngadangdosan roepi roepi bangsa erlodji kalajan disajagikeun saparabotna.
Diantos pisan kersa njobian sareng enggal pesen Ongkosna (pangaosna) di tanggel mirah.
Hormatna poen
SASMITA
Kleermakerij en Horlogemakerij merk
„Malah Mandar"
Stationweg 21
TASIKMALAJA.



Goeroe kaloearan ti Hoogere Kweekschool.
Dilari hidji goeroe kaloearan ti Hoogere Kweekschool kangge enggal dibenoem kana KAPALA sakola di Neutrale Hollandsch-Inlandsche school di Medan (Sumatra's Oostkust).
Gadjih noemoetkeun atoeran di Gouvernement sareng diwoewoeh paling saeutik f 50.— sasasih.
Serat-serat lamaran kedah dialamatan ka
Bestuur Schoolvereeniging Boemipoetra Hindia di Medan
(Soematra's Oostkunst)



Pangaos toeroen!
Boekoe-boekoe karangan M. I. Prawira Winata, noe disebat di handap ajeuna kieu pangaosna:
Tembang Sisindiran. . . . . f 0,50
Wawatjan Pangeran Soemedang f 0,25
Pemimpin hitoengan . . . . f 0,60
Kenging ngagaleuh di toko-toko boekoe
Boekhandel VISSER & Co.
Bandoeng.
Boekhandel L. A. LEZER
Tasikmalaja.

radja Padjadjaran 8.

Poepoetra Praboe Siliwati Radja Pa djadjaran ka 9.

Poepoetra Sang Adipati . . . enz.[2]

Toemeroes ka Sadjarah Soekapoera.

—o—

Doepi b.

Pamendak djisim koering noe diaroelik koe para Boedjangga Sadjarah Galoeh nja eta anoe toemeroes kapara loeloehoer di Galoeh (Tjiamis) doegi ka ajeuna sapertos di handap ieu moeng dipegat koe wangkid noe perloe dianggep nja eta kawit ti istri.

1. Ratoe Padang angling toeroenan ka 25 ti Praboe Sindoelah eta Ratoe Padang angling kagarwa koe Kandi awan toeroenan ka 25 ti Batara Goeroe: Poepoetra 1 nami Resi Gabajoe: Resi gabajoe: Poepoetra 6.

Noe No. 1 djenengan Lemboe ami loehoer. Poepoetra 5 Poetra No. 1 djenegan Ratoe Lalejan, ana poepoetra 1 Praboe Bandjaransari, ratoe Galoeh. (Doepi nagri Medangkamoeljan. Nagarana Dewata Tjengkar).

Eta Praboe Bandjaransari noe mimiti ngajasa ngadegkeun Padjadjaran pakeun nempatkeun garwa noe ti bangsa Manoesa. reh di Galoeh dienggonan koe para garwa ti bangsa Dewa woengkoel, ladjeng poepoetra djenengan Praboe Arja Banga, djadi Papatih Arja Banga poepoetra Sri Adji mantalarasa poepoetra Praboe Moendingwangi, djadi radja di Padjadjaran Migarwa ka Ratoe Permana Poetra ratoe Kombara, toeroenan ka 10 ti Kg. Nabi Noh kenging poetra djenengan Maha radja Adimoeljan. djadi ratoe Galoeh, migarwa 2 bangsa, manoesa, djeung perhijangan.

Eta Maha radja Adimoeljan ahirna djadi Adjar goenoeng Padang. Padang Poepoetra ti 2 Bangsa 11 nja eta.

7. Bangsa Siloeman di dieu teu perloe di tjarios.

4. Bangsa kamanoesan nja eta:

1. Praboe Arja Banga. (Koe oerang Djawa di sebat Djaka Soesoeroeh).

2. Maha radja Sakti. Djadi ratoe siloeman,

3. Praboe Tjioengwanara migarwa Ratoe Timbang Kantjana. Poepoetra 1 istri djenegan Ratoe Ajoe Poerbasari. Ka garwa koe Loetoengkasaroeng.

4. Sanghijang Boeloes poetih. Poepoetra Sanghijang Poenggoeng, poepoetra.

Loetoeng kasaroeng migarwa ka Ratoe ajoe Poerbasari, poepoetra:

Praboe Lingga hijang. Poepoetra.
„ Lingga wesi. „
„ Lingga wastoe. „
„ Soesoek toenggal. „
„ Banjak larang. „
„ Banjak wangi. „
„ Moending kawati poepoetra 4.

No. 1 Praboe Anggalarang. poepoetra 3.
„ 2 „ Tjakrawati
„ 3 „ Banjak tjitra poepoetra 3.
„ 4 Soenan Kakasih radja poepoetra 1.

Para poetra No. 1 Praboe Anggalarang.

1. Garba menak,
2. Praboe Djaka Pakoean.
3. Praboe Siliwangi, migarwa 7, mi poetra 12,

Manawi sakieu bae heula, soemangga tarimbang koe sadaja para djoeragan pamaos, djantoeran A, sareng B. mana noe katimbang lajak oerang damel poko troes ladjengkeun koe sadaja, etang-etang wajangna dina kalangan Sipatahoenan koelan.

Pangabaktosna poen langganan

No. 18.

Lebak Ardilaja
ping 4/2 1926.
Tjotjog sareng sadjarah Galoeh aco:

Kd.

Asa mobok manggih gorowong, eukeur mah ngotektak neangan sadjarah, ieu aja noe kahimeugan deui moendoet ditoeloengan koe Redactie.

Waktos ieu Redactie nganggap dongeng bae kana eta sadjarah, sanes sahinasna. Margi sadjarah kedah kapendak saksina, teu kenging koe kinten-kinten.

Tjioengwanara sareng Loetoeng kasaroeng, anoe dianggap babad oerang Soenda, noe noeroenkeun menak-menak di Padjadjaran toeg nepi ka ajeuna bet aja di tanah Hindoe, di Bali malah di Minahasa oge aja.

Tjeuk oerang Bali noe noeroenkeun menak Bali tjeuk oerang Hindoe noe noeroenkeun menak Hindoe.

Tjara dongeng Sangkoeriang, di Banten aja, di Soematra (P. Nias) aja, di Bandoeng Tangkoeban parahoe kitoe, di lebah Leles (G. Haroeman sareng G. Kaledoug) oge sadongeng dek mendet Tjimanoek, di kota Gede Djogja perang Kalang madjar hoen toetan. Sangkoeriang keneh.

Ajeuna Goenoeng Padang, di Tjiamis Goenoeng Padang, di bawahan Bandjarsari di Bandoeng (Rongga) goenoeng Padang Sanggem Koentjen Karang kamoeljan (Bodjong Galoeh) noe pang leresna nja di Bodjong Galoeh.

Tah koe kitoena ongkoh matak hamham, mana noe leres, koe hal eta Redactie mah nganggap sanes sadjarah, moeng dongeng Agama baheula.

Di bawahan Boengboelang (Kandang wesi di Tjilampajan aja paesan Praboe Anom (Mantri anom) Radja Bondan Pandaj kawasa (Empoe Andjali) Tjing saha lebah dinja anoe jasa ngengingkeun sadjarahna, diantos di leuwi Sipatahoenan.

A. w.


TECELS-FABRIEK
„NAJA"
Djalan Pasar Tasikmalaja.
(anoe teras ka Tjicunteung).

Hatoer oeninga!

Dina kaping 1 Maart 1926 sim koering ngawitan moeka FABRIEK TEGELS di koeloneun Pasar.

Roepi-roepi tegels anoe sarae marodel sareng kiat. Dina kamodelan, kakiatan sareng atoeran-atoeranana nanggel moal kawon koe boeatan fabriek-fabriek bangsa Europa.

Dina hal pangaos nanggel langkoeng mirah ti anoe sanes-sanes, mangga badanten.

Ngitjal franco fabriek atanapi franco padamelan, oegi tiasa ngitjal sakalian sareng pasangna.

Hormatna noe ngantos-ngantos
pamoendoet
S. Najawilaga
Dir. Eigenaar.



TOKO
Universeel Agentschap
NIC MULLER
TASIKMALAJA
Goenoengladoe No. 15
Telefoon No. 26.

Sagala roepa obat-obat Patent sareng Chemicalien.
Tjelep (sipoehan sindjang).
Landong roepi roepi sapertos:
Landong njeri bool
Landong soepados tiasa koelem
Pil koeras manis
Landong panas anggoëun moerangkalih
Landong intjok
Saboen anggoeun kasawat koelit
Landong noe 'embek salira soepados djagdjag
Landong gohgoj sareng mengi
Zalep boelao koneng sareng bodas
Kompa pinareup
Wedak roepi roepi
Pel njenjepan
Landong njeri kahampangan
Castor olie noe ditoengkoes
Creoline, Karbol
Kompa istri
Landong njeri beuteung tadjam
Oebar kokoloteun
Landong angkeng
Kain karet No. I.
Landong kiat ka . . . ?
Landong kakiatan moerangkalih soepados montok
Limoen pergasi
Landong paranti moeragkeun boeloe kelek
Oebar raheut
Oebar paranti dikoeramas
Oebar toembila
Landong kakiatan salira
Perban perbanan. kapas sareng seueur seueur deui.

Awas! Tjelep badjoe atanapi kain kain roepi roepi warni.

Model, moerah, aloes.

Poendoet bae prijscourant (boekoe pangaos) kenging pere.

Sadaja barang kenging pesen rembours. Mangga tingali koe andjeun ka toko.

Noe ngantos

40 Nic Muller.



ANGGOEUN CURSUS
Partikoelir BASA WALANDA.

WALANDA-SOENDA (Leerboek, Voorbeeldenboek en Woordenboek), nja eta boekoe pangadjaran basa Walanda, diterangkeun koe basa Soenda.
Pangaos 3 djilid f 3,— Ongkos parangko f 0,40. Rembours f 0,65

BELANDA-MALAJOE, 1 djilid tamat, pengadjaran basa Belanda diterangkan dengan basa Malajoe. f 1,50. Ongkos parangko f 0,35
Rembours f 0,60.

Oepami ngagaleuh seueur kenging potongan.

TOKO BOEKOE
L. A. LEZER
Tasikmalaja.



TOKO BOEKOE
M. I. PRAWIRA WINATA.
Katja-Katja WETAN 182 BANDOENG.

Nembe! Nembe! Nembe!

| | |
|---|---|
| Wawatjan Hadis. tjitakan kadoea . . . . . | f 0,50 |
| Lalakon Kangdjeng Dalem Bandoeng djarah ka Mekah | |
| Kandelna 168 katja, nganggo gambar 22 . . . . | „ 1,50 |
| Goedang Goemoedeng, 50 dongeng pigoemoedjengeun | „ 0,75 |
| Wawatjan GandaResmi I f 0,50 — II . . . . | „ 0.60 |
| Gan Sarifatimah (istri noe dinjenjeri, pameget noe telengges) | „ 0,50 |
| Verponding oerang priboemi . . . . . . | „ 1,— |
| Hegar manah . . . . . . . . | „ 0,20 |
| Pangeling-ngeling ngamimitian nambahan masigit Bandoeng | „ 0,50 |
| Briefkaart nonfona manis. . . . . . . | „ 0,10 |

Djabi ongkos. Prijscourant sajagi

Koopt en verkoopt tweedehandsch boeken.

Spotprijzen!



Bureau „ONTWIKKELING" Bandoeng

„Sakola loehoer djaman ajeuna teh nja era boekoe pirang-pirang" tjek Thomas Carlyle mah hidji djelema noe katjida pinterna. Bener pisan ieu omongan teh.

Sabab dina abad ka 20 mah koe reana boekoe tina bab naon bae. oerang teh teu koedoe asoep ka sakola loehoer oepama oerang hajang madjoe nambahan pangarti, asal bae oerang daek matja.

Oepama andjeun hajang nambahan pangarti geuwat langganan „Cursus ditoelis" noe dikaloearkeun koe Bureau Ontwikkeling di Bandoeng, kaloearna saboelan doea kali, mimiti tanggal 1 Februari 1926.

Ieu Cursus mere katerangan ka andjeun koe basa Walanda koemaha prakprakanana diadjar basa Inggris. Gantjang ngartina kana basa Inggris make ieu Cursus mah. Basa Inggris teh basa doenja. Oelah asa-asa enggal langgananan, artosna f 1,75 sakwartaleun kintoenkeun ti pajoen ka

BUREAU „ONTWIKKELING"
BANDOENG.



TAN HOEN AUW

Toekang pasang gigi sareng panon palsoe ti Bandoeng ajeuna di Pasarbaroe Tasikmalaja.

Adres anoe mah padamelan ditanggel sae.

Dina katoeangan-katoeangan anoe raraos sok sering ngadjantenkeun rea oelam saladjeng kasawat waos anoe sesah pisan dilandonganana. Meh teu tiasa dipidjarioskeun sakoemaha kateuraosanana anoe kasawat waos, anoemawi kedah didjagi ti samemehna.

Ajeuna sim koering njajagikeun saniskanten landong anoe koemaha bae, nja kitoe dipiadjagi soepados salamina waos sehat berseka, tiasa didjagi koe bring sim koering.

Para Istri, peroesna koe njonja. Mangga saroemping.

Hormat noe ngantos-ngantos
11 TAN HOEN AUW
Pasarbaroe 59 Tasikmalaja.



SIK DJOEN KWAN
TOEKANG GIGI
Tjihideunggede No. 23 Tasikmalaja.

Teu aja deui angen-angen sadajana, jen di doenja palaj hiroep senang sareng kasehatan, dina barang toeang kapalaj teh anoe parelem anoe raraos bae. Handjakal tina hal barang kasehatan waos mah, margi sakoer anoe di toeang eta sajaktosna nambihan oelam, teu karaos njarelapna dina waos, lami-lami ngagoendoek ka lebet doegi ka kadjadian njeri waos sareng koropok.

Di dieu bade diterangkeun, jen kasawat waos oepami teu ditoeloeng koe ahlina (dokterna) moal tiasa sae, katoeangan anoe teu antjoer pisan ngadjadikeun kasawat lalendeng poesing, njeri patoeangan, sesek napas, eungap, teu aja napsoe kana barang toeang sareng sanes-sanesna. Ieu sadaja kasawat moal tiasa sae leres-leres, oepami waos masih teu sehat, ngandoeng pirang-pirang oelam.

Ajeuna sim koering di dieu parantos ngadeg tokona njajagikeun roepi-roepi landong waos, anoe koemaha bae tiasa dilandongan koe sim koering kalawan ditanggel.

Nja kitoe deui njajagikeun waos palsoe, poslen, toelang, perak, emas saniskanten aja. Ngaratakeun waos ngaberesihan sareng ngagilapkeun soepados herang sapertos kilat tatit, koemargi kieu, tangtos djadi ngawoewoeh tjahaja.

Njajagikeun deui panon palsoe, oelah salempang.

Djoeragan djoeragan istri dilandonganana koe njonja, nja eta poen bodjo.

Anoe ngantos pesenan a saroempingna'
SIK DJOEN KWAN
18 Sarimbit.



SOERATSOERAT POEDJIAN BOEAT TOKO OBAT
HINDOESTAN
TASIKMALAJA.

VERKLARING.

Anoe tanda tangan di handap ieu R. H. Achmad Cartobie di Tjitjen Tasikmalaja. Nerangkeun kamandjoeranana oebar ti Toengal Mohamad di Tasikmalaja. Anoe geus ditjoba koe sim koe babakoena tina perkara oebar panjakit Ambej. Ieu panjakit teroetkeun kajakinan bangsa Tabib jen koedoe dibelek (operatie) tapi sanggeusna sim koering dioebaran koe ti Toko Obat Hindoestan noe kaseboet di loehoer, bisa tjageur teu dibelek deui.

Dikasanggoepanana eta obat noe geus disebarkeun di soerat kabar estoe benerna, toer ongkosna moerah pisan, lamoen dibandingkeun djeung bangganana panjakit.

Tanda tangan noe kaseboet di loehoer
H. A. Cartobie.

Jang dari itoe ada banjak jang kasih poedjian saperti:
Dari Toean Buirger Noesa-Kambangan Tjilatjap
Toean Moh. Bawasir Tjilatjap.
Hadji Abdoel Hamid Tjilatjap.
Toean J. A. Tan Djokjakarta.
Toean Basiroean Delangoe Djokja.
Prawiro Djokja Toegoe.
Soekantapradja Kalangsari Tasikmalaja.
Wiria Manondjaja. Toean M. I. Pieters Koetoardjo.
Soma Tjigedoeg Garoet.